



## DOH-HARDEE PIBLIYE YON ALÈT POU MALADI MOUSTIK TRANSMÈT

### Kontakte:

Kristin Casey  
Kristin.Casey@flhealth.gov  
863-773-4161

**Konte Hardee, Fla.** – Depatman Sante Florid nan Konte Hardee (DOH-Hardee) pibliye yon alèt pou maladi moustik transmèt apre konfimasyon plizyè ka [fyèv deng](#) kay moun. Gen lòt ka anplis ki sou ankèt. DOH-Hardee ap travay avèk ofisyèl yo nan nivo Eta ak lokal pou fè siveyans moustik ak mezi kontwòl moustik, sa gen ladan l flite avèk valiz nan do, kamyon, ak avyon nan katye yo ak ozalantou katye yo.

Deng se yon enfeksyon viral ki transmèt bay moun apati moustik. Sentòm fyèv deng yo anjeneral dire 4 a 7 jou. Yo souvan mal fè dyagnostik maladi a paske sentòm yo sanble avèk grip e lòt viris. Fòm deng ki pi grav yo ra, men yo posib. Fanm ansent yo dwe pran prekosyon nan efò prevansyon kont moustik yo paske deng ka transmèt bay tibebe a pandan gwosès oswa ozalantou moman nesans lan. Ou ka jwenn enfòmasyon anplis konsènan fyèv deng [la a](#).

DOH-Hardee konseye rezidan yo pou yo rete dilijan nan efò pèsonèl yo pou pwoteksyon kont moustik lè yo sonje “**Drain and Cover (vide ak kouvri).**”

Depatman Sante Florid kontinye fè siveyans nan tout Eta a pou maladi moustik transmèt, tankou enfeksyon Viris Nil Oksidantal, ansefalit ekin Delès, ansefalit St. Louis, malarya, chikungunya, epi deng.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [sit entènèt](#) Depatman Sante Florid la oswa rele DOH-Hardee nan 863-773-4161.

### Konsènan Depatman Sante Florid lan

Depatman an, ki akredite nan nivo nasyonal nan [Konsèy Akreditasyon Sante Piblik](#) la, travay pou pwoteje, ankouraje ak amelyore sante tout moun nan Florid atravè efò entegre nan nivo Eta a, konte ak kominote yo.

Swiv nou sou Twitter nan [@HealthyFla](#) ak sou [Facebook](#). Pou plis enfòmasyon sou Depatman Sante Florid, la tanpri vizite [www.FloridaHealth.gov](#).